

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan kekecapan jeung larapna dina pangajaran basa Sunda di SMA, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana kapaluruh aya 140 kekecapan.

Kadua, wangun kekecapan dina ieu novel aya lima nu ngawengku kekecapan winangun rajékan, winangun kantétan, winangun frasa, winangun salancar, jeung kekecapan winangun rundayan. Kekecapan winangun rajékan jumlahna aya 11 kekecapan, panglobana aya dina wangun kecap rajékan dwiréka, sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta kecap rajékan dwiréka binarung rarangkén, jeung kecap rajékan dwimurni. Kekecapan winangun kantétan jumlahna aya 97 kekecapan, panglobana aya dina wangun kecap pagawéan kantétan, sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta kecap kantétan répetisi (bangbalikan). Kekecapan winangun frasa jumlahna aya 27 kekecapan, panglobana aya dina wangun frasa barang, sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta wangun frasa sipat. Kekecapan dina wangun salancar jumlahna aya sakekecapan nu mangrupa kecap sipat salancar lima engang. Anapon kekecapan anu kapaluruh dina wangun rundayan jumlahna aya opat kekecapan, masing-masing aya anu dirarangkénan hareup, tukang, barung, jeung gabung.

Katilu, pola kekecapan dina ieu novel aya lima pola utama nu ngawengku pola I KWR aya genep subpola, pola II KWKt aya 15 pola kalayan 40 subpola, pola III KWF aya dalapan pola kalayan 20 subpola, pola IV KWS ngan sasubpola, jeung pola V KWRdy aya opat subpola. Éta pola-pola téh diwangun ku kecap sipat, kecap pagawéan, kecap barang, kecap bilangan, kecap pancén, cakal, jeung proléksem, boh éta nu kaasup kana kecap tunggal, boh rundayan atawa rajékan.

Kaopat, harti kekecapan dina ieu novel aya nu miharti positif, miharti négatif, jeung nu miharti nétral. Kekecapan anu miharti positif jumlahna aya 21 kekecapan, kekecapan anu miharti négatif jumlahna aya 31 kekecapan, anapon kekecapan nu miharti nétral jumlahna aya 88 kekecapan.

Kalima, pakeman basa wanda kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana bisa dijadikeun bahan pangajaran, nyaéta dina pangajaran unsur kabasaan novel. Ku lantaran, kekecapan téh mangrupa salasahiji wanda pakeman basa (*idiom*) anu kudu diajarkeun ka siswa pikeun ngeuyeuban pangaweruhna, boh dilarapkeun dina wangun lisan boh dina wangun tinulis.

Dumasar kana pedaran di luhur, katitén yén pakeman basa wanda kekecapan nu aya dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana téh kacida euyeubna, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wangunna sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMA.

5.2 Implikasi

Kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran unsur kabasaan sajak kalayan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks sempalan novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana.
- 2) Siswa dibéré pancén pikeun maca jeung maham kana harti kekecapan dina éta téks.
- 3) Siswa ngalarapkeun kana wangun kalimah

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi tina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti ieu di handap.

- 1) Ngawanohkeun yén dina basa Sunda aya pakeman basa wanda anyar nyaéta kekecapan.
- 2) Ngalatih kaparigelan siswa pikeun nulis anu épéktif.
- 3) Guru salaku evaluator bisa ngukur kamampuh siswa dina nyangking pangajaran basa.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana, dipiharep bisa ngaronjatkeun kaparigelan siswa saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana pakeman basa wanda kekecapan hususna ngeunaan wangun jeung hartina.
- 2) Mampuh ngabédakeun kekecapan jeung wanda pakeman basa séjénna.
- 3) Parigel dina nulis nu épéktif ngagunakeun ungkara anu ngandung kekecapan.
- 4) Mampuh ngalarapkeun pakeman basa wanda kekecapan dina hirup kumbuh sapopoé kalayan merenah.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan ngeunaan pakeman basa wanda kekecapan kakara dilakukeun ku dua urang mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih jero, salasihijina bisa ditalungtik tina segi ajén moralna.

Kadua, hasil tina ieu panalungtikan sakur dijadikeun bahan pangajaran. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu ngaguar larapna ieu panalungtikan.

Katilu, pakeman basa hususna wanda kekecapan perlu dihirup-huripkeun deui ngaliwatan pangajaran basa Sunda di sakola.